

BAB I

BUBUKA

1.1 Kasang Tukang Masalah

Basa téh cicirén bangsa, Basa téh kedaling rasa. Kitu babasan anu aya di urang Sunda. Hartina, lamun basana leungit, nya meureun éta bangsa téh geus leungiteun salah sahiji ciri tina budayana anu kacida pentingna (urang saréca maphum yén basa téh mangrupa bagian tina kabudayaan). Basa bisa ngagambarkeun karakter bangsa anu boga éta basa. Nya kitu deui, dina ngedalkeun rasana jalma merlukeun basa, boh rasa nyaah, asih, sedih, bungah, keuheul, kuciwa, reueus, jeung rasa-rasa séjénna.

Basa Sunda minangka cicirén urang Sunda, kiwari boga kalungguhan jadi basa daérah nu masih dipiara tur diparaké ku masarakatna. Ku kituna, hirup-huripna basa Sunda ogé ditangtayungan ku nagara. Luyu jeung UUD 1945, Bab XV, Penjelasan Pasal 36, nu unina nya éta:

Di daérah-daérah yang memiliki bahasa sendiri, yang dipelihara oleh rakyatnya dengan baik-baik (misalnya bahasa Jawa, Sunda, Madura, dan sebagainya), bahasa-bahasa itu pun dihargai dan dipelihara oleh Negara.

Hirup kumbuh jeung mekarna basa Sunda moal leupas tina kahirupan jeung kamekaran masarakat Sunda anu maké basa Sunda. Ayana parobahan-parobahan anu lumangsung dina kahirupan masarakat Sunda tangtuna baé aya pangaruhna kana kamekaran basa Sunda. Éta hal téh saluyu jeung fungsi utama

basa Sunda, nya éta alat komunikasi, alat keur ngayakeun kontak atawa hubungan anu digunakeun ku panyaturna.

Prosés komunikasi basa téh enas-enasna nepikeun amanat ngaliwatan basa ti pangirim ka panampa. Éta amanat téh baris nepi ka panampa upama pangirim maké basa nu bener tur merenah. Basa Sunda anu bener nya éta basa Sunda anu dipakéna luyu jeung aturan (kaédah) basa nu geus baku kayaning aturan fonologi, tata basa, sémantik, éjahan, jsté; ari basa Sunda nu merenah nya éta basa Sunda anu dipakéna luyu jeung tujuan katut kontéks situasi makéna atawa pragmatik (Sudaryat, 2003: 121).

Élmu anu nalungtik ngeunaan basa téh nya éta linguistik. Salah sahiji sélér linguistik nya éta sociolinguistik, anu nyawang basa salaku sistem sosial jeung sistem komunikasi nu mangrupa bagian tina masarakat jeung kabudayaan. Nurutkeun Suwito (1983: 4), sociolinguistik nya éta:

Studi tentang sifat-sifat khusus (karakteristik) variasi basa, sifat-sifat khusus fungsi bahasa dan sifat-sifat khusus pemakaian bahasa dalam jalinan interaksi serta perubahan-perubahan antara ketiganya di dalam masyarakat tuturnya.

Ditilik tina cara ngagunakeunana, basa Sunda mibanda sababaraha variasi, nya éta variasi géografi anu ngabalukarkeun ayana géografi dialék. Ari dialék téh rupa-rupa nya éta: (1) dialék sosial, (2) dialék temporal, (3) dialék regional atawa géografis, jeung (4) dialék lokatif.

Tumuwuh jeung mekarna basa dialék dipangaruhan ku sababaraha faktor, nya éta faktor kabasaan, faktor luareun basa, kaayaan alam, batas-batas pulitik, ékonomi, patukerna budaya jeung cara hirup masarakat di hiji wewengkon. Ku


lantaran pangaruh faktor-faktor éta, dina mekarna basa dialék téh bisa ngalaman dua kamungkinan parobahan. Kahiji, bisa jadi basa dialék téh robah jadi basa lulugu, kadua, bisa leungit sama sakali. Dumasar kana éta hal, aya kamungkinan hiji basa dialék leungit lantaran kasilih ku basa lulugu atawa bisa jadi ku basa Indonesia.

Dina Kurikulum Tingkat Satuan Pendidikan (KTSP) jelas pisan ditétélakeun yén pangajaran basa Sunda kaasup kana mata pelajaran muatan lokal wajib ti mulai Taman Kanak-kanak (TK)/Raudhatul Athfal (RA), Sekolah Dasar (SD)/Madrasah Ibtidaiyah (MI), Sekolah Menengah Pertama (SMP)/Madrasah Tsanawiyah (MTS), nepi ka Sekolah Menengah Atas (SMA)/Sekolah Menengah Kejuruan (SMK)/Madrasah Aliyah (MA) pikeun daerah Jawa Barat. Ari basa Sunda téh diwangun ku sababaraha basa dialék diantarana: dialék Sumedang, dialék Ciamis, dialék Indramayu, dialék Kuningan, dialék Majalengka, dialék Cirebon, dialék Cianjur, dialék Sérang, dialék Bogor, dialék Subang, dialék Tasikmalaya jeung dialék Purwakarta, (Yudibrata, spk.1995:3). Ieu hal luyu jeung katagorisasi lokal pangajaran basa Sunda, anu ngagem *Asas Keberagaman dan Kesesuaian dengan Kondisi Lingkungan*.

Nepi ka ayeuna dialék dina basa Sunda nu geus ditalungtik ku Jurusan Pendidikan Bahasa Daerah UPI kaitung geus loba, diantarana: “Basa Sunda Dialék Cirebon di Kacamatan Pabedilan Pikeun Bahan Pangajaran Basa Sunda di SLTP” (Saepudin, 2004), “Basa Sunda Dialék Pandeglang di Kacamatan Cipeucang Pikeun Bahan Pangajaran Basa Sunda Di SLTP” (Ima Hasmonavi, 2004), “Basa Sunda Dialék Pandeglang di Kacamatan Munjul Pikeun Bahan

Pangajaran Basa Sunda Di SMP” (Mimi Helmiah, 2005), “Basa Sunda Dialék Serang di Kacamatan Baros Pikeun Bahan Pangajaran Basa Sunda di SMP” (Ridha Fadilah, 2005), “Basa Sunda Dialék Sukabumi di Kacamatan Waluran” (Adi Senjaya, 2005), “Basa Sunda Dialék Cisaat Sukabumi Pikeun Bahan Pangajaran Basa Sunda di SMP” (Yanti Damayanti, 2006), “Basa Sunda Dialék di Kacamatan Langensari Kota Banjar” (Desi Maulina Rizq, 2007).

Ieu panalungtikan medar ngeunaan kamekaran basa Sunda dialék Majalengka di Kacamatan Sukahaji, naha éta basa dialék téh masih kénéh dipaké atawa henteu. Kacamatan Sukahaji salah sahiji daérah anu mayoritas masarakatna ngagunakeun basa Sunda, sanajan letak géografisna deukeut jeung wewengkon Cirebon anu mayoritas masarakatna ngagunakeun basa wewengkon Cirebon nu méh siga basa Jawa, katelah ku istilah Jawaréh téa (Jawa sawaréh). Basa Sunda di Kacamatan Sukahaji mibanda karakteristik anu unik tur ngirut pikeun ditalungtik, sabab dina kekecapanana kawilang langka. Hal éta muncul ku lantaran di Kacamatan Sukahaji aya pacampuran basa (antara basa Sunda wewengkon Majalengka jeung basa Sunda wewengkon séjénna, salah sahijina saperti basa wewengkon Cirebon) anu nimbulkeun ayana variasi dialék basa Sunda di éta padumukan. Ku kituna, panalungtikan anu judulna “Basa Sunda Dialék Majalengka di Kacamatan Sukahaji” perlu dilaksanakeun.



1.2 Watesan jeung Rumusan Masalah

1.2.1 Watesan Masalah

Luyu jeung kasang tukang di luhur pikeun museurkeun ieu panalungtikan, baris diwatesanan ku ngagambarkeun Basa Sunda Dialék Majalengka di Kacamatan Sukahaji (satuluyna disebut BSDMKS). Kecap dialék anu ditalungtikna ngawengku sababaraha widang, nya éta: (a) istilah pancakaki, (b) kecap gaganti sesebutan, (c) kecap kahirupan desa jeung masarakat, (d) kecap bagian awak, (e) kecap imah jeung bagianana, (f) kecap pakakas, (g) kecap kadaharan jeung inuman, (h) kecap panyakit, (i) kecap pagawéan, (j) kecap pakéan, (k) kecap kaulinan, (l) kecap tutuwuhan jeung bungbuahan, (m) kecap sasatoan, (n) kecap kaayaan alam jeung usum, (o) kecap budi parangi, (p) istilah pacabakan, (q) kecap pananya, panyambung, panambah jeung panganteb. Pangna nangtukeun éta kecap-kecap di luhur ku lantaran kandaga kecap éta téh sok dipaké ku masarakat dina kahirupan sapopoé di éta wewengkon.

1.2.2 Rumusan Masalah

Pasualan anu baris dipedar dina ieu panalungtikan sawadina dirumuskeun dina kalimah-kalimah pondok, ieu hal luyu jeung pamanggih Sudjana (1991: 23) anu ngébréhkeun yén masalah kudu salawasna dirumuskeun dina wangun patalékan lain pernyataan. Dumasar éta hal pikeun ngagampangkeun tur nglelempeng ieu masalah, rumusan masalah ieu panalungtikan ditepikeun dina wangun kalimah pananya ieu di handap.

- 1) Aya sabaraha jumlah kecap basa Sunda dialék Majalengka di Kacamatan Sukahaji?
- 2) Kumaha wangun kecap dialék Majalengka di Kacamatan Suakahaji?
- 3) Kumaha kar wilayah basa Sunda dialék Majalengka di Kacamatan Sukahaji?

1.3 Tujuan jeung Mangpaat Panalungtikan

1.3.1 Tujuan Panalungtikan

Unggal usaha pasti aya tujuanana. Tujuan ieu panalungtikan nya éta pikeun ngadéskripsikeun Basa Sunda Dialék Majalengka di Kacamatan Sukahaji.

Déskripsina ngawengku:

- 1) inventarisasi basa Sunda dialék Majalengka di Kacamatan Sukahaji;
- 2) parobahan wangun kecap basa Sunda dialék Majalengka di Kacamatan Sukahaji; jeung
- 3) kar wilayah dialék Majalengka di Kacamatan Sukahaji.

1.3.2 Mangpaat Panalungtikan

Aya sawatara mangpaat tina ieu panalungtikan, di antarana waé pikeun:

- 1) ngeuyeuban tiori paélmuan katatabasaan jeung hasil panalungtikan séjénna;
- 2) ngeuyeuban pangaweruh ngeunaan dialéktologi basa Sunda;
- 3) bahan tinimbangan para guru dina nyusun bahan pangajaran basa Sunda; jeung

- 4) bahan nyusun kamus dialék basa Sunda.

1.4 Anggapan Dasar

Nurutkeun Surakhmad dina Arikunto (1998: 60): *Anggapan dasar atau postulat adalah sebuah titik tolak pemikiran yang kebenarannya diterima oleh penyidik.*

Dumasar kana pamadegan di luhur, aya sababaraha anggapan dasar anu dipaké dina ieu panalungtikan sakumaha ditétélakeun di handap.

- 1) Basa Sunda dialék dipaké pikeun komunikasi masarakat nu aya di Kacamatan Sukahaji Kabupaten Majalengka;
- 2) Bédana antara kecap basa Sunda dialék Majalengka di Kacamatan Sukahaji jeung kecap basa lulugu téh bisa dianalisis dumasar kana élmu basa; jeung
- 3) Basa Sunda dialék Majalengka di Kacamatan Sukahaji bisa digambarkeun kar wilayahna.

1.5 Wangenan Operasional

Sangkan leuwih jéntré, dina ieu panalungtikan perlu wangenan istilah anu aya patalina jeung judul panalungtikan, sakumaha ditétélakeun ieu di handap.

- 1) Basa Sunda

Basa Sunda nya éta basa indung nu dipaké ku masarakat Sunda boh nu aya di tatar Sunda atawa di luareun tatar Sunda.

2) Dialék Majalengka

Dialék Majalengka nya éta ragam basa Sunda nu dipaké ku masarakat Majalengka hususna di Kacamatan Sukahaji pikeun ngabédakeun dirina jeung masarakat nu séjénna.

3) Kacamatan Sukahaji

Kacamatan Sukahaji nya éta alah sahiji kacamatan nu aya di Kabupaten Majalengka nu wates wilayahna ti Beulah kalér diwatesanan ku Kacamatan Jatiwangi, Beulah kidul Kacamatan Maja, Beulah wétan Kacamatan Rajagaluh, jeung Beulah kulon Kacamatan Cigasong.

Jadi, anu dimaksud *Basa Sunda Dialék Majalengka di Kacamatan Sukahaji* téh nya éta panalungtikan ngeunaan sajumlahing kecap-kecap dialék basa Sunda anu sok dipaké sapopoé ku masarakat nu aya di Kacamatan Sukahaji Kabupatén Majalengka.

